



Fason ki pi fasil la pou fè ekonomi: **On Call®**

Ekonomize plis pase \$90 pa ane lè ou enskri nan pwogram On Call la




Ede kliyan nou yo fè ekonomi e satisfè demann kouran demen an se de bagay ki enpòtan pou nou. Pwogram On Call nou an pèmèt nou atenn de objektif sa yo. Lè ou volontè pou enskri nan pwogram On Call la, se ede ou ede nou voye kouran bay tout kliyan nou yo ki bezwen lè demann pou kouran an wo anpil. Ann echanj pou patisipasyon w, n ap redui sa w gen pou peye sou bòdwo kouran w lan.


Fason On Call travay



Lè anpil moun bezwen kouran, nou voye yon siyal bay aparèy ki enskri nan pwogram jesyon enèji a.



Siyal la etenn aparèy ou te enskri yo pou yon ti tan pou ede nou voye kouran bay tout kliyan yo.



W ap resewva yon kredi sou bòdwo kouran w lan, menmsi nou pa t etenn aparèy ou yo.

Chwazi aparèy k ap pi itil ou yo

Pwogram On Call la gen de kalite enskripsyon.³

Èkondisyone santral ak chofaj santral sèlman

Moun ki patisipe yo gen pou yo enskri èkondisyone santral yo ak chofaj elektrik yo ki kalifye pou yo pa patisipe nan pwogram nan. Aparèy sa yo ka etenn pandan yon maksimòm twazèdtan chak jou.

Aparèy ou ka enskri yo si w vle

Ou gen posibilite ekonomize plis kòb toujou lè ou enskri aparèy pou chofe dlo w la ak/oswa ponp pisin ou an. Aparèy sa yo ka etenn pandan yon maksimòm katrèdtan chak jou.

Aparèy	Peryòd aplikasyon	Kredi sou bòdwo masyèl la
Èkondisyone elektrik santral	Avril pou oktòb	\$6.00
Chofaj elektrik santral	Novanm pou mas	\$2.75
Aparèy elektrik nòmal pou chofe dlo a	Tout ane a	\$1.50
Ponp pisin nan	Tout ane a	\$1.50

Fason pou enskri

Ale sou FPL.com/OnCall epi antre adrès faktirasyon w pou konnen si kay ou kalifye. Si w kalifye, yon konpayi endepandan FPL pase yon kontra ak li a pral enstale aparèy On Call ou a. Apre ou enskri, ou ka anile nenpòt lè.⁶

¹ Pwogram sa a gendwa chanje oswa kanpe nenpòt lè san yo pa avèti pèsonn.

² Ekonomi yo ka varye selon opsyon ou chwazi yo.

³ Pandan yon sitiyasyon ijans nan sistèm nan (tankou nan kondisyon metewolojik ekstrèm, oswa lè kapasite FPL yo pa sifi, selon sa FPL deside), pwogram On Call la gendwa aktive pandan plis tan e li ka depase kantite tan ou te aksepte nan kontra w te pase lè ou te enskri a.

⁴ Tout moun ki fèk enskri nan pwogram nan dwe enskri èkondisyone elektrik santral yo a. Si sistèm patisipan an gen yon chofaj elektrik santral tou, li dwe enskri tou. Patipisan yo pa oblije enskri aparèy pou chofe dlo yo ak ponp pisin yo.

⁵ Moun ki lwe yo dwe jwenn pèmisyon nan men pwopriyete kay la pou yo enstale yon ekipman On Call nan kay la.

⁶ Si w pa satisfè ak pwogram nan pou kèlkeswa rezon an, ou ka annik rele nou pou anile l nenpòt lè. Tout kliyan ki deside soti nan pwogram nan dwe tann yon ane anvan yo ka enskri ankò.

Tout kondisyon pwogram nan disponib sou FPL.com/OnCall.

Kesyon moun konn poze sou On Call

Èske mwen oblije enskri èkondisyone m nan?

- » Wi. Chofaj elektrik santral ou a dwe enskri tou, sof si sistèm chofaj la pa kalifye. Nan ka sa a, ou ka enskri èkondisyone ki kalifye a sèlman.

Mwen gen de aparèy èkondisyone. Èske mwen oblije enskri toule de?

- » Wi. Sepandan, si w gen 3 aparèy elektrik oswa plis ki nan menm kategori a, se 2 premye yo sèlman ki oblije enskri.

Chak ki lè yo konn aktive pwogram On Call la?

- » Enfòmasyon sou sa ki fèt deja a montre nou konn aktivite pwogram nan de twa fwa nan ane a. Leplisouvan, sa fèt nan aprèmidi, nan lè anpil moun pa lakay yo.

Kiyès ki pral enstale ekipman On Call la?

- » Yon elektrisyen endepandan FPL apwouve e ki gen lisans pral enstale aparèy On Call la.

Ki gwosè aparèy jesyon enèji On Call la?

- » Aparèy On Call la se yon ti bwat ki gen fòm rektang e ki mezire anviwon 7" x 3.5" x 8".

Poukisa kredi ki sou bòdwo a pi ba nan premye mwa apre enskripsyon inisyal la?

- » Si w poko nan pwogram nan pou yon mwa konplè oswa si bilding nan te konsome mwens kouran, bòdwo a ap gen yon kredi ki ajiste.